

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Prosés diajar-ngajar basa di sakola tangtu moal bisa leupas tina opat kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Éta kaparigelan basa téh teu bisa dipisah-pisah deui lantaran nu hiji jeung nu lianna silih tangtukeun jeung silih pangaruhan. Ngaregepkeun jeung nyarita mangrupa tahap kahiji diajar basa lantaran lumangsung sacara alami di lingkungan kulawarga, henteu dirarancang ti anggalna ku cara mireng atawa ngadéngékeun kekecapan anu dikedalkeun ku jalma séjén nu aya di sabudeureunana. Ngaregepkeun mangrupa hiji prosés ngadéngékeun anu puguh objékna, bari dibarengan ku rasa saregep, enya-nya tur daria nepi ka bisa nyangkem eusi caritaan atawa bisa ngahartikeunana.

Marry Cinocearro jeung Michal Banano (1969: 106) dina Kosim Kardana (1988: 2) nétélakeun yén ngaregepkeun jeung nyarita miboga sipat anu béda, tapi duanana raket pisan patalina, jadi komunikasina dua arah. Éta dua kaparigelan téh raket gumulung jadi hiji kagiatan. Moal aya kagiatan nyarita lamun henteu aya kagiatan ngaregepkeun. Malah dina ayana ogé kagiatan nyarita wungkul, éta hal mangrupa kagiatan anu mubazir, teu lumrah jeung bisa dianggap kagiatan jalma siwah. Kaparigelan ngaregepkeun jeung nyarita mangrupa kagiatan anu sipatna komunikatif. Upama Si A ngaregepkeun naon anu dikedalkeun ku panyatur boh sacara langsung atawa ngagunakeun média tangtuna Si A bisa nyarita naon anu tadi diregepkeunana dina wangun lisan atawa bisa ngajawab patalékan anu patali jeung naon anu diregepkeunana dina wangun tinulis. Si B macakeun paguneman, tuluy B bisa nuliskeun naon anu dibacakeunana atawa diaprésiasi dina wangun tinulis atawa nyarita dina wangun lisan.

Ku ayana kagiatan nu komunikatif éta manusa bisa ngayakeun interaksi jeung manusa séjénna ku ngagunakeun basa. Hiji jalma dianggap ngabogaan kaparigelan basa lamun éta jalma téh parigel dina ngaregepkeun, nyarita, maca,

jeung nulis. Ku lantaran makéna basa téh lain kagiatan macakal téa, dina nyangkem jeung ngulik basa ogé moal cukup ukur ngulik adegan katut cara makéna wungkul, tapi ogé ngulik perkara séjén nu aya patula-patalina jeung basa.

Numutkeun Sudaryat (1991: 1) basa téh nya éta lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvensional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Kitu deui dina ngaregepkeun paguneman ngagunakeun média audio-visual, tangtuna kudu miboga opat kaparigelan basa anu tadi, lantaran dina ngaregepkeun paguneman ditungtut kudu bisa ngaregepkeun kalawan soso-soso, nulis jawaban patalékan anu ditanyakeun ku guru dina wangun tinulis, nyaritakeun naon anu diregepkeun dina wangun lisan, maca paréntah saacan ngeusian patalékan ti guru. Tangtuna, dina ngaregepkeun kudu miboga pangrungu anu teu kaganggu, museurkeun panitén jeung dina kaayaan anu keur séhat.

Ku kituna, kaparigelan ngaregepkeun téh kaitung pentingna lantaran poténsial pisan pikeun nambahan pangaweruh, pangpangna dina prosés diajar-ngajar di sakola-sakola. Dina prosés ngaregepkeun ogé teu salawasna aya dina pangajaran basa baé, tapi sakabéh poko bahasan dina sagala kagiatan diajar-ngajar.

Tangtu dina kagiatan diajar-ngajar jenjang atikan SMP, aya pangajaran ngaregepkeun anu kudu diulik ka siswa, salasihijina nya éta ngaregepkeun paguneman.

Dina kanyataanana, nalika panalungtik jadi guru prakték di SMP Kartika XIX-2 Bandung pangajaran ngaregepkeun mangrupa salasihiji bangbaluh pikeun siswa utamana dina ngaregepkeun paguneman. Dina prak-prakan di sakola, siswa ukur bisa dibéré téori ngeunaan wangenan paguneman, maca paguneman, ngeusian patalékan-patalékan, lain ngaregepkeun nu saenyana. Kalan-kalan dua urang siswa atawa leuwih dititah macakeun paguneman di hareupeun babaturanana, tuluy nu lianna dititah ngaregepkeun, ieu hal henteu éféktif lantaran biasana babaturanana kalah ngalobrol sedengkeun nu maca paguneman ngan ukur macakeun baé, tanpa aya anu ngaregepkeunana. Jadi modél pangajaran bieu leuwih nekenkeun siswa sangkan mikanyaho kana wangenan paguneman jeung

macakeun paguneman, siswa teu ngawasa naon anu disebut ngaregepkeun téh, modél pangajaran saperti kieu bisa ngabalukarkeun cara diajar-ngajar anu monoton (henteu ayana komunikasi dua arah) jeung matak bosen, sedengkeun dina SKKD geus ditekenkeun yén siswa kudu mampuh ngaregepkeun paguneman.

Matéri anu aya dina standar kompetensi jeung kompetensi dasar mata pelajaran basa jeung sastra Sunda patalina jeung ieu panalungtikan nya éta materi aspek ngaregepkeun anu standar kompetensina *“Mampu menyimak untuk memahami dan menanggapi wacana lisan yang berupa teks percakapan, dongeng dan pupujian.”* Kompetensi dasar anu ditalungtik nya éta *“Menyimak penggalan-penggalan percakapan (rekaman; dibacakan).”*

Prosés diajar-ngajar anu teu variatif bisa disababkeun lantaran guruna anu kurang paham kana cara ngajarkeun matéri ngaregepkeun paguneman jeung kurang parigel dina ngagunakeun média anu loyog keur pangajaran ngaregepkeun paguneman.

Ku kituna, dina pangajaran ngaregepkeun kudu ditunjang ku ayana média, média téh rupa-rupa, kayaning média audio-visual, audio jeung citak. Dina pangajaran ngaregepkeun paguneman bisa ngagunakeun salasahiji média nya éta audio-visual. Ku cara kitu, dina prosés diajar-ngajar tangtu leuwih variatif atawa teu monoton, sarta ngirut minat siswa sangkan daék ngaregepkeun lantaran siswa jaman kiwari mah leuwih bisa nyangkem eusi atawa maksud caritaan ngagunakeun média audio-visual tibatan nyangkem eusi atawa maksud caritaan tanpa ngagunakeun média.

Nepi ka kiwari, geus aya panalungtikan ngeunaan pangajaran ngaregepkeun anu ngagunakeun média audio-visual, anu judulna *“Média Audio-Visual dina Pangajaran Ngaregepkeun Kawih (Studi Ékspérimén Murni ka Siswa Kelas XI SMA Pasundan 3 Cimahi Tahun Ajaran 2011-2012)”* ku Hana Igan Susana entragan 2008, *“Éféktivitas Média Audio Dina Pangajaran Ngaregepkeun Dongéng (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung Taun Ajaran 2011/2012)”* ku R. Toto Roberto entragan 2008.

Éta kadua panalungtikan tangtu béda sanajan média anu digunakeun dina judul skripsi ku Hana Igan Susana nya éta ngagunakeun média audio-visual tapi

objék jeung studi panalungtikan anu ditalungtikna béda. Dina panalungtikan saméméhna objékna ngeunaan pangajaran ngaregepkeun kawih jeung ngagunakeun studi ékspérimén murni, sedengkeun dina judul skripsi ku R. Toto Roberto média anu digunakeunana média audio, objék anu ditalungtikna ogé béda. Dina panalungtikan saméméhna objékna ngeunaan pangajaran ngaregepkeun dongéng, sasaruanaana ngagunakeun studi kuasi ékspérimén. Sedengkeun anu baris ditalungtik nya éta ngaregepkeun paguneman sarta dipiharep ku digunakeunana média audio-visual ieu bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngaregepkeun paguneman.

Lantaran acan aya anu nalungtik kana ngaronjatna kamampuh siswa dina ngaregepkeun paguneman ngagunakeun média audio-visual sarta kaéféktifitasan média. Ku kituna, ieu skripsi dijudulan “Éféktivitas Média Audio-Visual Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngaregepkeun Paguneman (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2012/2013).”

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

Sangkan teu jauh teuing ambahanana, ieu panalungtikan perlu di watesanan jeung dirumuskeun masalahna. Ku kituna, aya idéntifikasi jeung rumusan masalah dina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dina nepikeun matéri pangajaran di sakola, tangtu leuwih éféktif jeung matak ngirut minat siswa tina diajar ku ngagunakeun média hususna dina pangajaran ngaregepkeun paguneman.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, idéntifikasi masalah anu baris ditalungtik nya éta 1). kamampuh siswa dina ngaregepkeun paguneman saméméh jeung sabada ngagunakeun media audio-visual; 2) kaéféktifan ngaregepkeun paguneman ngagunakeun média audio-visual.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha rumusan masalah dina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) Kumaha kamampuh siswa dina ngaregepkeun paguneman saméméh ngagunakeun média audio-visual?
- 2) Kumaha kamampuh siswa dina ngaregepkeun paguneman sabada ngagunakeun média audio-visual?
- 3) Naha média audio-visual éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun paguneman?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, tujuan ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung husus, anu péréléanana saperti ieu di handap.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan panalungtikan sacara umum nya éta pikeun nyalusur salasihiji media anu loyog dina pangajaran ngaregepkeun paguneman di jenjang atikan SMP ku cara ngagunakeun média audio-visual sangkan dina prosés diajar-ngajar bisa ngagunakeun téhnik pangajaran anu leuwih variatif atawa henteu monoton jeung bisa ngirut minat diajar siswa.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun:

- 1) Kamampuh siswa dina ngaregepkeun paguneman saméméh ngagunakeun média audio-visual;
- 2) Kamampuh siswa dina ngaregepkeun paguneman sabada ngagunakeun média audio-visual;
- 3) Média audio-visual éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun paguneman.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**



Ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat, nu ngawengku mangpaat sacara tioritis jeung praktis.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat panalungtikan sacara tioritis nya éta pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina widang ngaregepkeun nu miboga peran penting dina pangajaran basa, hususna ngaregepkeun paguneman ngagunakeun média audio-visual salian ti éta bisa ngajadikeun média audio-visual minangka alat pikeun ngirut minat siswa jeung alternatif pikeun guru dina pangajaran ngaregepkeun paguneman sarta minangka alat anu éféktif pikeun pangajaran ngaregepkeun paguneman.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat panalungtikan sacara praktis nya éta:

1) mangpaat pikeun siswa

Sangkan siswa mampuh ngaronjatkeun daya ngaregepkeun paguneman ngagunakeun média audio-visual;

2) mangpaat pikeun guru

Bisa dijadikeun alternatif dina ngajar sangkan ngagunakeun média nya éta média audio-visual dina pangajaran ngaregepkeun paguneman sangkan dina prosés pangajaran leuwih variatif jeung teu monoton;

3) mangpaat pikeun widang paélman

Bisa nambahan pangaweruh ngeunaan média-média anu loyog tur éféktif digunakeun dina pangajaran ngaregepkeun, hususna ngaregepkeun paguneman;

4) mangpaat pikeun panalungtik

Bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kamampuh siswa dina ngaregepkeun paguneman saméméh jeung sabada ngagunakeun média audio-visual.

5) mangpaat pikeun nu maca

Bisa nambahan pangaweruh dina pangajaran ngaregepkeun paguneman ngagunakeun média audio-visual.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Ieu tulisan diwangun ku lima Bab. Bab I Bubuka eusina medar perkara kasang tukang, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Bab II Ulikan Tiori, Raraga Mikir, Jeung Hipotésis. Bab III Méthode Panalungtikan eusina medar perkara lokasi jeung jejer populasi, desain panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, prosés kamekaran instrumén, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data. Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran eusina medar perkara ngolah data jeung pedaran data. Bab V Kacindekan jeung Saran.

